CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #६२

०१।६।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## लम्बा दुरीके सवारी साधनके सञ्चालन करैतकाल लागु होबवला शर्तसभ



01 सिट क्षमताके ५०% मात्रे यात्रु राख पाओत ।

02 एक पंक्तिके १ सिटमे एककोई मात्रे यात्रु राख पाओत ।

03 सब यात्रुके मास्क अनिवार्य लगाब पड़त ।

04 यात्रु चढ़के समयमे सवारी साधनके गेटपर आ सवारी साधन भितर सेनिटाईजरके अनिवार्य व्यवस्था होब पड़त ।

05 चालक आ सहचालकके मास्क, पञ्जा आ भाईजर लगाब पड़त ।

06 सवारी साधनके दैनिक निसंक्रमण कर पड़त ।

07 तोकलगेल भाडा दरमे अधिकतम ५०% तक भाडा लेब पाओत ।



*शर्त लागु भेल नैभेलके अनुगमन यातायात व्यवस्था विभाग, यातायात व्यवस्था कार्यालय आ ट्राफिक प्रहरी करत् ।*

स्रोत: https://www.facebook.com/457161001021145/videos/1032488617173276

## नेपाल अपडेट



नेपालगञ्जके जमुनाहा नाका होईत रोजगारीके लेल भारत जायके लेल लागल लाईन

तस्बिर: लोक बहादुर घर्ती

### परिक्षण


पिसिआर परिक्षण: ८,८२,९१५

पोजेटिभ: ५९,५७३

उपचाररत: १६,२४१

मृत्यु : ३८३






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



नयाँ नियम आएलाके बाद कोरोना बीमा केनेके मात्रे बीमा दाबीके २५% रकम मात्रे भेटतै कि पुरान बीमितके सेहो उहे नियम छै ?

२०७७ भादव २९ गते सँ कार्यान्वित हेतै तेना कल कोरोना बीमा मापदण्ड २०७७ तथा कोरोना बीमालेख संशोधन कएलगेल छै । तै सँ २०७७ भादव २९ गते के बाद बीमा करेने बीमितके हकमे संक्रमित भऽ होम आईसोलेशनमे रहपरल त बीमा कम्पनी बीमितके राहत खर्च स्वरुप बीमा दाबीके २५% भुक्तानी ७ दिन भितर करत कहने छै । यदि संक्रमित अस्पताल भर्ना होब पड्ल त प्रमाणित बिल अनुसार अधिकतम ७५% रकम बीमा रकम भुक्तानी कर पड्त । लेकिन ओई मिति सँ पहिले बिमा करेनेके हकमे मुदा कोरोना पुष्टि भेल प्रमाण पत्रके आधारमे पुराने सम्झौता अनुसार १००% रकम भुक्तानी कर पड्तै ।


स्रोत: http://nib.gov.np/wp-content/uploads/2020/09/Circular-6-2077.078.pdf



सब व्यवसाय आ यातायात खुईल गेलै कहैत छै । फेर काठमाण्डौ उपत्यकाके यातायातमे जोर बिजोर कायमे कहैत छै । कि कह चाहिरहल छै ?

काठमाण्डौ उपत्यकामे सञ्चालन होबवला सार्वजनिक तथा निजी सवारी साधनसभमे जोर बिजोर प्रणाली कायमे रहतै । लेकिन, अत्यावश्यक सेवा, कार्यालय आवाजाहि आ सब प्रकारके ढुवानी साधनके हकमे मुदा जोर बिजोरके नियम लागु नै हेतै । तहिना कलक उपत्यकासँ बाहर जायवला आ उपत्यका प्रवेश करवला लम्बा दूरीके सवारी साधनमे सेहो जोर विजोरके नियम लागु नै हेतै ।

स्रोत: https://daokathmandu.moha.gov.np/public/upload/



स्थानीय तहमे कोभिड-१९ अस्थायी अस्पताल खोल त कहलकै, लेकिन जनशक्ति नै छै से कहैत छै । एकर व्यवस्थापन सरकार केना करहल छै ?

ओना क जनशक्ति अपुग भेलापर करारमे लेब कहल गेल छै । प्राथमिक स्वास्थ्य सेवा केन्द्रमे अस्पताल स्थापना भेल खण्डमे, अतिरिक्त चिकित्सक तथा स्टाफ नर्स करारमे लेब सम्बन्धी निर्णय स्थानीय तह करत । आवश्यक जनशक्ति व्यवस्थापनके लेल प्रति स्थानीय तहके ४ लाख ५० हजार रकम निकासा कलचुकल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/tfSwmql



प्रदेश ५ सरकार कोभिड विशेष कृषि कार्यक्रम शुरु भेल कहने छै । ई कहके मतलब कि भेलै ?

खास कलक ई कार्यक्रम कोरोनाके कारण विदेशमे रोजगारी गुमाक फिर्ता आएल युवासभके कृषि व्यवसायमे जोड् आ कृषि उत्पादन बढाबमे लक्षित छै । अई कार्यक्रमसँ प्रदेश ५ मे रहल सब १२ जिलाके १०९ पालिकामे लागु हेतै । अई कार्यक्रम अन्तरगत प्रत्येक स्थानीय तहसँ कोभिडके कारण रोजगारी गुमेने स्वदेशसँ फिर्ता आएल समेत १ सयकोईके संख्यासँ कुल १० हजार ९ सयकोईके कृषि व्यवसाय कर प्रतिव्यक्ति २० हजार रुपैया अनुदान देल जेतै । कृषि उत्पादनमे सहयोग पुगाब प्रत्येक स्थानीय तहमे रहल ५० टा कृषकके छोटका यन्त्र सेहो वितरण हेतै ।

स्रोत: https://cutt.ly/1fDNveA

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,२७,५५१ संक्रमित | ९६,९९९ संक्रमित | ६२,४८४ संक्रमित | १,२२,६९३ संक्रमित | ८१,७८२ संक्रमित | ९१,१९६ संक्रमित | १०,०५२ संक्रमित | २२,६५७ संक्रमित |
| १८७५ नेपाली संक्रमित | १६५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २२,५०० नेपाली संक्रमित | २४०० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित |
| ११ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १६ मृत्यु भएका नेपाली | ३० मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## मध्यपूर्वके जानकारी

### कुवेत:

- सेप्टेम्बर १ के बाद भिषा खतमभेल अवस्थामे देश छोड़ पड़त । यदि भिषा खतम भेलाके बादो देश नै छोड़लौ त जरिवाना लागत ।
- PACI Centre आब १४ घण्टा खुलत । PACI Center मे अपनासभ अपन सिभिल आईडी लेबके लेल जाय पड् सकैय । सिभिल आईडी प्रिन्ट भेलाके बादो लेब नै गेलौ त जरिवाना लागत ।
- लम्बा समयसँ कुवेत आब प्रतिबन्ध लगाओल ३२ देशसँगे आरो थप ३ देशके प्रतिबन्ध कएलगेल छै । एना प्रतिबन्धित देशमे नेपाल सेहो परै छै ।

### साउदी अरव:

सेप्टेम्वर १५ सँ आवास भिषा भेल, स्थायी रुपमे एत काम करवला, कुटनीतिक नियोगमे काम करवला लगाएत बहुतोरास क्षेत्रके आदमीसभके फिर्ता जाय देबवला भेल छै । लेकिन, जनवरी १, २०२१ सँ मुदा पूर्णरुपमे खुलत कहल गेल छै । अईके सम्बन्धमे पूर्ण निर्णय लेकिन अई वर्षके अन्त्यतकमे हेतै कहलगेल छै ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आहाँ प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साझँमे **UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** हमरासभके लाईभ देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## डा. भोजराज बम

मेडिकल अधिकृत

"भारतसँ फिर्ता आबवलाके संख्या बहुते छलै । क्वारेन्टाईनके लेल विद्यालय प्रयोग सेहो नै देलगेल छलै । टिनके झोपड़ी बनाक क्वारेन्टाईन स्थापना केलौ । ओत रहल १५०० कोई जते सबके स्वाव संकलन कलक परिक्षण करेलौ । ओई मे सँ २४ कोईमे संक्रमण पुष्टि भेलै । परिणाम नेगेटिभ नै एलातक घर नै पठेलौ । एक कोईके तँ ६ वेरतक सेहो परिक्षण करेलौ । तै के लेल ६५ दिनतक क्वारेन्टाईनमे रखलौ । एना लम्बा समयतक किया क्वारैन्टाईनमे रखलौ प्रश्न नै उठल सेहो नै छै । लेकिन प्रतिफल समुदाय स्तरमे संक्रमण फैल नै पाओलक ।"

## कुमारी पुजा बडुवाल

अस्पताल नर्सिङ निरिक्षक, जिल्ला अस्पताल, प्युठान



"जिला अस्पतालमे प्राय: डेलिभरी केससभ आबैत रहलाके कारण सावधानी अपनाबैत अपनाबैत सेहो कोरोना परीक्षणके नतिजाके प्रतिक्षा कलक मात्रे ईलाज करके अवस्था नै रहैत छै । ओहन सेवाग्राहीके जोखिम मोईलोक होई तैयो तत्काल सेवा देब परैत छै । केकरा संक्रमण छै, केकरा नै छै से पत्ते नै चलैत छै । जैके कारण सँ चाईरकोई सहकर्मीके सेहो कोरोना संक्रमण भलगेलै । सँगे २३ महिनाके बेटी अछि । घर पहुचते देरी कोरामे आईब जाईत अछि । हरेक बेर बेटीके कोरामे लैतकाल संक्रमण भजेतै कि से डर लगैय ।"



## राजेश्वर प्रसाद शाह

सि.अ.हे.व., बेलही स्वास्थ्यचौकी, चकरघट्टा, सर्लाही

"अखनतकके अवस्थामे हमरा जेहन स्वास्थ्यकर्मीके लेल सबसँ चुनौतीपूर्ण काम कहबै त सेवाग्राहीमे पर्याप्त सचेतना नै पुगनाई छै । हमसभ सुरक्षाके उपाय अपनाबैत छी लेकिन सेवाग्राही मास्क तक प्रयोग नै कलक ईलाजके लेल अबैत छथि । स्वास्थ्य कार्यालयमे एलाके बाद ईलाज त करहे पड़तै । स्वास्थ्यचौकी आएलसभके बुझाक पठाबैत छी । सेवाग्राहीए सँ संक्रमण हेतै कि डर अईछ । खुशीके बात जे आईतक हम कार्यरत वडा नं.२ मे अखनतक संक्रमण देखाएल नै छै । लेकिन तैयो पूर्ण सावधानी अपबैत छी ।"

# फुड बैंकसँ देखेने मार्गचित्र



कोरोना महामारीके कारण आदमीसभके दैनिकी असहज बनैत जाळरहल समयमे जिन्हकालग अईछ से दियौ, जिन्हकालग नै अईछ से लळजाऊ तै उद्देश्यसँ देशके बहुतोरास जगहमेसभमे खाना बैंक।सभके स्थापना भळरहल छै । अईसँ रोजगारी विहिन भळ हाथमुह जोड् कठिन भेल आअ न्य कारण सँ साँझ भोर खाना खायलेल संघर्ष करवला समुहके कनिको होई तैयो राहत देने छै । एहने मानविय सेवाभावके अभ्यासके अनुसरण करैत नेपा( लगञ्जमे सेहो कारकाँदो आ अस्पताल रोडमे कळक २ जगहमे खाना बैंक स्थापना भेल छै ।

बास नेपालगञ्ज आ रोटरी क्लव अफ नेपालगञ्जद्वारा संयोजन कएलगेल खाना बैंकसँगे नेपालगञ्ज उपमहानगरपालिका कार्यालय संस्थागत सहकार्य करब कहने छै । उपमहानगरपालिका खाना बैंकके लेल ५ लाख बराबरके खाद्यान्न सहयोग करके निर्णय सेहो केने छै । उपमहानगरपालिकाके प्रमुख धवल शम्शेर राणा खाना बैंकके लेल १ महिना बरावरके तलब, भक्ता वापतके रकम रु.५० हजार सहयोग करकके घोषणा केने छैथ । नेपाल उद्योग बाणिज्य महासंघ खाना बैंकके लेल जरुरी सहयोग करब कहने अछि ।


भेलसभ नै भेलसभके सहयोग कर तत्काल सहयोग सेहो जुटिरहल छै । एकर दीर्घकालिन समाधा( नपर प्रश्न उठ सकैत अछि । एकर निरन्तरता कहिया तक ? लेकिन, एकर प्रभावकारीतासँ एकर जरुरत आ व्यवहारिकताके थप बल देतै । सरकारद्वारा अईसँ पहिले बाट्लगेल राहत वितरणके विवाद( ास्पद प्रकृयाके सेहो चूनौती देतै ।

एना देखलासँ, समाज विकासमे सरकार आ निजी क्षेत्र बीचके साझेदारी आबके निर्विकल्प उपाय छै तै निष्कर्ष पर पहुचमे उपरका उदाहरण जोडबल देतै । राहत वितरण मात्रे नै, बेरोजगारके लेल रोजगारी निमार्ण कर सरकार निजी क्षेत्रसंगे साझेदारी कळक आगु बढ्त त, काईल्हके दिनमे युवा श्रम आ सीपके स्वदेशमे उपयोग कळ वैदेशिक रोजगारीपर निर्भर श्रम बजार अन्त्य कळक देशेमे सम्भावना विस्तार कएल जासकैत छै ।



# नेपालमे कोभिड - १९ के जोखिम कम छै ? या गम्भिर केससभ देरी कलक आईब रहल छै ?

## प्रदेश अनुसार सघन उपचारमे रहल कोभिड - १९ के बिमारीके संख्या




उपरके ग्राफमे प्रदेश अनुसार ICU आ भेन्टिलेटरमे ईलाज कराबवला कोभिड-१९ के बिमारीके संख्या देखाएलगेल छै । अखन सघन ईलाजमे रहल बिमारीसभम बागमती प्रदेशमे छै । तथ्यांक देखबै त, नेपालमे सक्रिय संक्रमितके तुलनामे सघन ईलाज जरुरी भेल बिमारीके संख्या एकदमे कम छै । यद्यपी नेपालमे बिमारीके मृत्यु भेलाके बाद कोभिड-१९ के संक्रमण पुष्टि भेलके संख्या बहुते छै । अई सँ नेपालमे सघन ईलाज जरुरी भेल बहुते होईतो, ओहन बिमारी पत्ता लगाब ढिलाई भऽरहल छै कि तै दिस सेहो संकेत करैत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दऽक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs